



## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang**

Basa nu dipaké alat komunikasi ku manusa, mangrupa sistem lambang sora. Sakumaha nu geus ditétélakeun ku para ahli basa, yén basa téh nya éta sistem lambang sora omongan anu dihasilkeun ku alat ucap manusa. Salaku alat komunikasi manusa, basa kabagi kana tilu tingkat, nya éta basa daerah, basa nasional, jeung basa internasional. Prosés komunikasi dina enas-enasna mah mangrupa prosés nepikeun informasi ti panyatur (komunikator) ka pamiarsa (komunikasi).

Basa daerah nya éta basa anu dipaké ku masarakat di hiji daerah anu tangtu (contona basa Sunda, Jawa, Madura, jeung Bali). Basa nasional nya éta basa anu dipaké ku masarakat di hiji nagara nu tangtu tingkatanna leuwih luhur batan basa daerah sabab dipaké pikeun kapentingan komunikasi sacara nasional (contona basa Indonesia, India, jeung Malaysia). Sedengkeun basa internasional nya éta basa anu dipaké pikeun komunikasi sacara global dumasar kana kasapukan (contona basa Inggris).

Basa nu geus ditétélakeun di luhur kabéh ogé dipayungan ku hiji hukum anu ngatur hirup-huripna éta basa. Basa internasional diatur ku hukum internasional, basa nasional diatur ku hukum nasional dina wangu Undang Undang Dasar (UUD), kitu ogé basa daerah diatur dina Undang Undang Dasar (UUD) sarta diturunkeun kana Peraturan Daerah (Perda).

Basa Sunda mangrupa salah sahiji basa daerah anu aya di Indonesia anu ditangtayungan ku Undang-Undang. Undang-Undang éta téh juklekna dina TAP MPR No.II/MPR 1983, nu unina: “Pembinaan bahasa daerah dilakukan dalam rangka pengembangan Bahasa Indonesia dan memperkaya pembendaharaan Bahasa Indonesia dan khasanah kebudayaan nasional sebagai salah satu sarana identitas nasional” (MPR, 1983: 95).

Sangkan bisa ngarajong kabeungharan basa Indonesia, kudu diayakeun inovasi dina pangajaran basa daerah (Sunda). Inovasi téh ngawengku sistem atikan basa daerah anu lumangsung di lembaga-lembaga atikan. Lamun dina basa

Sunda atawa dina basa daerah séjéna teu ngayakeun inovasi dina sistem atikan, kapercayaan anu disérénkeun ka basa daerah (Sunda) bisa jadi hésé ngawujudna. Ku kituna, pikeun ngawujudkeun hasil atikan anu alus dipangaruhan ogé ku sababaraha faktor. Salah sahiji faktor anu mangaruh kana préstasi diajar siswa nya éta minat. Minat siswa kana pangajaran basa Sunda mangrupa salah sahiji faktor anu nangtukeun kahontalna préstasi diajar basa Sunda anu leuwih hadé. Saupama siswa miboga kahayang anu luhur pasti manéhna ngarasa resep kana diajarna sarta bakal ningkatkeun kana hasilna. Hal ieu luyu jeung pamanggihna Tarigan (<http://sps.upi.edu:2006>) yén, “*salah satu faktor yang mempengaruhi préstasi belajar siswa adalah keinginan atau minat untuk mencapai apa yang dicita-citakan dan minat pribadi yang mempengaruhi minat belajar*”.

Panalungtikan ieu perlu dilaksanakeun ku lantaran aya sababaraha faktor nu geus kabukti ku panalungtik nalika ngalaksanakeun Program Pengalaman Lapangan (PPL) di SMA Negeri 14 Bandung yén (1) siswa geus ngarasa géngsi dina maké basa Sunda boh di sakola boh di lingkungan imahna, (2) siswa dina maké basa Sunda sok dicampur ku basa-basa séjén, di dieu siswa biasana sok nyampurkeun basa Sunda jeung basa Indonesia. Umpamana waé kecap simkuring diganti jadi aku, anjeuna diganti jadi kamu, (3) pangajaran basa Sunda di sakola jiga anu teu dianggap penting, katembong dina rapor pangajaran basa Sunda teu langsung dicétak tapi ditulis dina kolom kosong. Salian ti éta, minat siswa kana pangajaran basa Sunda katempo kurang, katémbong tina buku-buku pangajaran basa Sunda nu kacida saeutikna. Ku kituna panalungtikan ieu téh ngarasa perlu dilaksanakeun pikeun mikaweruh aya henteuna korélasi minat siswa kana pangajaran basa Sunda sangkan ngaronjatkeun hasil diajar siswa.

Panalungtik baris nalungtik minat siswa kana pangajaran basa Sunda SMA Negeri 14 Bandung pikeun néangan informasi ngeunaan kumaha minat siswa kana pangajaran basa Sunda jeung kumaha préstasi diajar basa Sunda siswa, sarta aya henteuna korélasi antara minat jeung préstasi diajar anu ditingali tina laporan kependidikan siswa.

Panalungtikan ngeunaan minat saméméhna, nya éta skripsi Mara Sukmara nu judulna *Pangaruh Minat Siswa kana Mata Pelajaran Basa Sunda Jeung*

*Prestasi Diajar Siswa Kelas IX SMP Negeri 1 Sukadana (2008).* Anu hasil tina éta panalungtikan nya éta minat siswa SMP Negeri 1 Sukadana Ciamis kana pangajaran basa Sunda sacara umum nya éta 70,31%, tafsiranana nya éta cukup. Ari peunteun minat siswa kana pangajaran basa Sunda sanggeus di kana peunteunkeun rata-ratana 8. Jadi kacindekanana, minat siswa kana pangajaran basa Sunda téh luhur.

Pikeun ngajembaran panalungtikan ngeunaan minat, perlu diayakeun deui panalungtikan. Ieu panalungtikan bédha jeung panalungtikan saméméhna, ku sabab sampel dina ieu panalungtikan nya éta siswa SMA kelas X. Sakumaha nu katémbong, yén aya sababaraha SMA di Bandung nu geus teu ngasupkeun pangajaran basa Sunda dina kurikulumna.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtik baris ngayakeun panalungtikan anu dirumuskeun dina judul: Korélasi Minat Siswa kana Pangajaran Basa Sunda jeung Préstasi diajar Basa Sunda Siswa Kelas X SMA Negeri 14 Bandung.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah nu rék ditalungtik téh diwatesanan sangkan teu léga teuing ambahana tina widang nu ditalungtik. Ieu panalungtikan ngan ukur maluruh aya henteuna korélasi antara minat diajar basa Sunda siswa kelas X SMA Negeri 14 Bandung jeung préstasi diajar basa Sunda.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah nu rék ditalungtik dina ieu panalungtikan baris diébréhkeun dina wangun kalimah patalékan ieu di handap:

- 1) Kumaha minat siswa kana pangajaran basa Sunda di kelas X SMA Negeri 14 Bandung?
- 2) Kumaha préstasi diajar basa Sunda siswa kelas X SMA Negeri 14 Bandung?

- 3) Naha aya korélasianu signifikan antara minat jeung préstasi diajar basa Sunda di kelas X SMA Negeri 14 Bandung?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Unggal kagiatan panalungtikan miboga tujuan anu tangtu, boh tujuan umum boh tujuan khusus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta maluruh korélasian antara minat jeung préstasi diajar siswa dina pangajaran basa Sunda di kelas X SMA Negeri 14 Bandung.

#### **1.3.2 Tujuan Khusus**

Ari tujuan khusus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- (1) minat siswa kana pangajaran basa Sunda di kelas X semester 1 di SMA Negeri 14 Bandung;
- (2) préstasi diajar basa Sunda siswa kelas X semester 1 di SMA Negeri 14 Bandung; jeung
- (3) korélasianu signifikan antara minat jeung préstasi diajar dina pangajaran basa Sunda di kelas X semester 1 di SMA Negeri 14 Bandung.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Téoritis**

Sacara téoritis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun méré informasi aya henteuna korélasian antara minat siswa kana pangajaran basa Sunda jeung préstasi diajar basa Sunda. Salian ti éta, ogé pikeun kaperluan panalungtikan anu leuwih teleb keur ka hareupna.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun:

- (1) méré masukan hususna pikeun guru basa Sunda jeung sakola sangkan bisa dimangpaatkeun salaku référensi ngajar dina usaha ngaronjatkeun

préstasi diajar siswa, nu dipiharep kagambar dina minat anu gédé kana pangajaran basa Sunda.

- (2) pikeun lembaga, dipiharep bisa jadi bahan pikeun pihak nu aya patalina dina nangtukeun kawijakan-kawijakan, umumna pikeun nu miboga pancén ngalatih calon guru, hususna guru widang basa.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Bab hiji medar kasang tukang masalah, rumusan jeung watesan masalah, tujuan panalungtikan, nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan khusus, mangpaat panalungtikan, boh mangpaat téoritis boh mangpaat praktis, jeung nu pamungkas ngeunaan raraga tulisan.

Bab dua medar minat jeung préstasi diajar, anggapan dasar, jeung hipotésis panalungtikan. Ambahan minat ngawengku wangenan minat, wanda minat, cara ngukur minat, métode ngukur minat, pentingna ngukur minat, faktor-faktor nu mangaruhan minat, jeung pentingna minat dina prosés diajar, sarta minat kana pangajaran basa Sunda. Sedengkeun préstasi diajar ngawengku wangenan diajar jeung préstasi diajar, préstasi diajar basa Sunda, komponén panangtu préstasi diajar, faktor-faktor nu mangaruhan préstasi diajar, jeung standardisasi préstasi diajar, sarta préstasi diajar basa Sunda. Sarta anggapan dasar jeung hipotésis panalungtikan.

Bab tilu medar populasi jeung sampel, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, nguji instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung téhnik nganalisis data.

Bab opat ngadéskripsiun minat siswa kana pangajaran basa Sunda, préstasi diajar basa Sunda, korélași antara minat siswa kana pangajaran basa Sunda jeung préstasi diajar basa Sunda, nguji korélași minat siswa kana pangajaran basa sunda jeung préstasi diajar basa Sunda, nguji déterminasi, jeung uji hipotésis, sarta pedaran hasil panalungtikan.

Bab lima medar kacindekan jeung saran.